


Ki jan vaksen kont COVID-19 la travay

ct.gov/covidvaccine



Vaksen kont COVID-19 ki mache ak ARNm yo prepare sistèm iminitè nou pou pwoteje nou kont COVID-19 la.

- Vaksen kont COVID-19 ki mache ak ARNm yo bay selil ki nan aryè-bra nou enstriksyon pou yo fabrike yon pwoteyin ki san danje ki sou sifas viris ki lakòz COVID-19 la. Kou “pwoteyin ki gen fòm pikan” sa a fabrike, selil la kraze enstriksyon yo e li elimine yo.
- Sistèm iminitè nou yo rekonèt pwoteyin ki gen fòm pikan sa a pa sipoze fè pati kò nou, konsa li pwodui antikò ki vin makònen ak pwoteyin nan e ki pouse selil iminitè nou yo atake l. Yo rele sa yon repons iminitè. Vaksen ki mache ak ARNm yo bay sistèm iminitè nou enstriksyon pou l pwodui antikò san danje, yon fason pou nou pa ni tonbe malad ni gaye maladi a bay lòt moun.
- An jeneral, san pran kèk semèn, men depi repons iminitè ki parèt devan pwoteyin ki gen fòm pikan an kòmanse mache, kò nou ka rekonèt viris COVID-19 la. Sistèm iminitè nou pral konbat viris la otomatikman pou nou pa tonbe malad. Etandone kò a bezwen yon ti tan pou l devlope memwa iminitè sa a, li posib pou yon moun pran COVID-19 la tousuit anvan oswa apre vaksinasyon an, pandan vaksen an poko fin bati pwoteksyon ki nesèsè a.

Kèk enfòmasyon ki kòrèk sou vaksen kont COVID-19 ki mache ak ARNm yo

Vaksen sa yo pa ka bay pèsonn COVID-19 la.

Vaksen ki mache ak ARNm yo pa itilize viris vivan ki lakòz COVID-19 la.

Yo pa afekte ADN nou an ni yo pa gen okenn kontak avè l.

ARNm lan pa janm antre nan nwayo selil la, kote ADN nan (materyèl jenetik la) rete a. Selil yo kraze e yo elimine ARNm lan yon ti tan apre yo fin itilize enstriksyon yo.



Nan de vaksen ki otorize yo, yon sèl piki pa ase.

Ou sipoze resevwa 2 dòz vaksen an. Ou dwe pran dezyèm dòz la 3 oswa 4 semèn apre premye a pou jwenn pi bon pwoteksyon kont COVID-19 la. Vaksen an kòmanse pwoteje w sou 1 oswa 2 semèn apre dezyèm dòz la.

Pran yon vaksen se youn nan anpil bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun kont COVID-19 la.

Kay kèk moun, COVID-19 la lakòz maladi grav oswa lanmò. Lè ou pran vaksen an, non sèlman w ap pwoteje tèt ou kont COVID-19 la, men tou w ap pwoteje moun ki bò kote w yo poutèt w ap anpeche l gaye plis toujou. Pou kanpe yon pandemi, nou bezwen itilize tout zouti prevansyon ki disponib yo. Vaksen yo travay ak sistèm iminitè w pou kò w gen kapasite pou l konbat viris la. Genyen lòt aksyon, tankou mete kach-nen epi respekte distansyasyon sosyal la, ki ka fè w gen mwens chans pou ekspozè ak viris la e pou gaye l bay lòt moun. Lè ou pran vaksen kont COVID-19 la epi ou suiv tout rekòmandasyon CDC yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun, se pi bon pwoteksyon ou ka jwenn kont COVID-19 la.

SOUS

- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html
- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/how-they-work.html

